

Libabit : Esansyèl nan Plan Lavi a

Pa Èldè Robert D. Hales

Nan Kolèj Douz Apot yo

Kèlkeswa lè nou chwazi pou n vin jwenn Kris la, pran non l sou nou, epi suiv sèvitè l yo, nou pwogrese sou wout ki mennen nan lavi etènèl la.

Sa pa gen lontan m te resevwa yon lèt nan men yon zanmi ki gen plis pase 50 an ki pa manm legliz nou an. Mwen te voye kèk liv anrapò ak levanjil la ba li, epi li te reponn: “Okòmansman, li te difisil pou mwen pou m swiv sans jagon tipik Mòmon yo, tankou *libabit*. Se posib yon tipaj vokabilè t ap ede anpil.”

Mwen te etone dèské li pa t konprann sa nou te vle di pa mo *libabit* la. Mwen te ale nan yon diksyonè sou entenèt. Nan 10 definisyon ak itilizasyon mo *libabit* la, pa gen youn ki eksprime ide fè chwa pou aji. Nou ansenye ke libabit se kapasite ak privilèj Bondye bannou pou nou “kapab chwazi pou tèt pa nou, non pa pou moun fè nou chwazi”¹ Libabit se aksyon pou n aji avèk obligasyon ak responsabilite pou aksyon nou yo. Libabit esansyèl pou plan Sali a. Avèk limenm, nou “Lib pou nou chwazi libète ak lavi etènèl pa mwayen gran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen nou kapab chwazi kaptivite ak lanmò, dapre kaptivite ak pouvwa dyab la.”²

Pawòl yon kantik ki familye pou nou ansenye prensip sa a klèman:

“Konnen sa, chak moun lib pou chwazi
Lavi li ak sa li vle ye;
Paske verite etènèl sa a te bay:
Bondye pap fòse ankenn moun ale nan Syèl la”³

Poum reponn kesyon zanmi m nan, ak kesyon bon gason ak bon fi toupatou, kite m pataje avèk nou plis sou sa nou konnen sou siyifikasyon libabit la.

Anvan nou te vini sou latè, Papa nou ki nan Syèl la te prezante nou plan Sali 1 la--- yon plan pou nou vini sou tè a epi resevwa yon kò, chwazi pou aji ant byen ak mal epi pwogrese pou vini tankou Limenm epi viv avèk Li toutoutan.

Libabit nou--- kapasite nou pou chwazi ak aji pou tèt pa nou--- sete yon eleman esansyèl plan sa a. San libabit, nou patap kapab fè bon chwa ak pwogrese. Men avèk libabit nou kapab fè move chwa, fè peche, epi pèdi opòtinite pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò. Pou rezon sa a, nou te bezwen yon Sovè pou soufri pou peche nou yo epi rachte nou, si nou repanti. Pa sakrifis ekspyatwa enfini li a, li te “reyalize plan mizèrikòd la, pou l satisfie egzijans lajistis yo.”⁴

Apre Papa nou ki nan Syèl la te fin prezante plan Li a, Lisifè te prezante tèt li konsa, “Voye m ... epi map rachte tout limanite, konsa pa menm yon sèl nanm p ap pèdi, ... se sa ki fè, ban m onè ou la.”⁵ Papa nou ki nan Syèl la te rejte plan sa a, paske li t ap anpeche nou gen libabit nou. Anfèt, sete yon plan rebelyon.

Apresa Jezikri, “Ptit Gason Byenneme Papa nou ki nan Syèl la ki te Chwazi depi nan kòmansman an,” te

egzèse Libabit Li pou l te di, "Papa, se pou volonte ou fêt, epi se pou ou laglwa a pou tout tan gen tan.⁶ Li t ap vin Sovè nou--- Sovè Mond lan.

Poutèt rebelyon Lisifè a, yon gwo konfli espirityèl te suiv. Chak pitit Papa nou ki nan Syèl la te gen opòtinite pou egzèse libabit Papa nou ki nan Syèl la te bayo a. Nou te chwazi pou genyen lafwa nan Sovè a Jezikri---pou nou vin jwenn ni, swiv Li, epi aksepte plan Papa nou ki nan Syèl la te prezante pou byennèt nou an. Men yon tyè nan pitit Papa nou ki nan Syèl la pa t genyen lafwa pou swiv Sovè a epi olyedesha yo te chwazi Lisifè, oubyen Satan.⁷

Epi Bondye te di, " Se sa ki fè, poutèt Satan revòlte kont mwen, epi l chèche pou l detwi lib abit lòm, libabit mwenmenm Senyè bondye a, m te bay lòm nan,... mwen te fè chase l."⁸ Sila yo ki te swiv Satan yo te pèdi opòtinite pou resevwa yon kò mòtèl, viv sou tè a epi pwogrese. Akoz fason yo te itilize libabit yo a , yo te pèdi li.

Jodi a, sèl pouvwa Satan ak disip li yo genyen se pouvwa pou tante nou ak eseye detwi nou. Sèl jwa yo se "fè tout moun mizerab menmjan yo ye a;"⁹ Sèl lè yo kontan se lè nou dezobeyi kòmandman Senyè bay yo.

Annou panse sou sa : nan eta premòtèl nou, nou te chwazi pou n swiv Sovè a, Jezikri! E akoz nou te fè sa, nou te jwenn posiblite pou vini sou tè a. Mwen temwanye ke lè nou fè menm chwa sa a pou swiv Sovè a kounyeya, isit la sou tè a, n ap jwenn menm yon pigran benediksyon nan etènité yo. Men se ou nou konnen: nou dwe kontinye chwazi pou n suiv Sovè a. Etènité a andanje, epi byen itilize libabit nou ak aksyon nou yo esansyèl pou nou kapab gen lavi etènèl..

Atravè lavi Li, Sovè nou an te montre nou kijan pou nou itilize libabit nou an. Kòm yon jenn ti gason nan Jerizalèm, ak tout bonsans Li te chwazi pou l "fè travay Papa Li."¹⁰ Nan Ministè Li, Li te chwazi ak obeyisans pou "fè volonte Papa Li."¹¹ Nan Jetsemane, Li te chwazi pou soufri tout bagay, li te di " Se pa volonte m ki pou fêt, se volonte pa ou. Lè sa a, yon zanj Bondye soti nan syèl la parèt devan li. Li te vin bay Jezi fòs¹². Sou kwa a, li te chwazi pou renmen enmi Li yo, Li te priye konsa "Papa padone yo paske yo pa konn sa y ap fè."¹³ Apresa, pou l te kapab finalman demonstre ke li te chwazi pou tèt pa li, yo te kite l poukонт Li. Li te mande "Papa , Bondye poukisa ou lage m konsa."¹⁴ Finalman, li te egzese libabit li pou l te aji, pandan l te andire jiskalafen, jiskaske li te kapab di "Tout bagay fini."¹⁵

Menmsi "nan tout pwen Li te tante menmjan avèk nou,"¹⁶ nan chak chwa ak chak aksyon li te egzèse libabit pou l te vin Sovè nou--- pou kraze chenn peche ak lanmò pou nou. E avèk lavi pafè Li, Li te ansenye nou ke lè nou chwazi pou fè volonte Papa nou ki nan Syèl la, Libabit nou an prezèv, opòtinite nou yo ap grandi, e n ap pwogrese.

Prèv nou genyen sou verite sa a n ap jwenn yo nan ekriti yo. Jòb te pèdi tout sa l te genyen men li te chwazi rete fidèl, epi li te jwenn benediksyon etènèl Bondye yo. Mari ak Jozèf te chwazi pou yo te suiv avètsiman zanj lan pou yo te sove al an Ejip la, epi lavi Sovè a te epaye. Joseph Smith te chwazi pou l te suiv enstriksyon Mowoni an, epi Retablisman an te dewoul jan yo te pwofetize a. Kèlkeswa lè nou chwazi pou n vin jwenn Kris la, pou pran non li sou nou, epi suiv sèvitè l yo, nou pwogrese sou wout ki mennen nan lavi etènèl la.

Nan vwayaj mòtèl nou an, li pi bon pou nou sonje ke opoze a vrè tou: lè nou pa respekte kòmandman yo ak chichotman Sentespri a, opòtinite nou yo redui; kapasite nou pou aji ak pwogrese diminye. Lè Kayen te pran lavi frè l la paske li te renmen Satan plis pase Bondye, pwogresyon espirityèl li te stope.

Nan jenès mwen, mwen te aprann yon leson enpòtan sou fason aksyon nou yo kapab limite libète nou. Yon jou papa m te mande m pou m te sire yon planche. Mwen te chwazi pou m te kòmanse nan papò la epi

travay antre nan chanm nan. Lè m te prèske fini, mwen te reyalize ke m pa t kite okenn kote pou m te kapab soti. P at gen okenn fenèt oubyen pòt sou lòt kote a. Mwen te toutafè pyeje tèt mwen nan yon ti kwen. M pa t gen okenn kote pou m ale. Mwen te bloke.

Lè nou dezobeyi, nou espirityèlman bloke tèt nou nan yon kwen epi nou prizonye pwòp chwa nou. Menmsi nou espirityèl man bloke, nou toujou gen yon chemen pou n retounen. Tankou repantans, retounen epi mache sou yon novo planche vèni vle di plis travay---anpil resable ak revèni! Retounen jwenn Senyè a pa fasil, men sa vo lapèn.

Lè nou konprann defi repantans la, nou apresye benediksyon Sentespri a pou gide libète nou, ak Papa nou ki nan Syè la ki ba nou kòmandman yo, epi ki fòtifye nou ak soutni nou lè n ap respekte yo. Nou konprann tou kijan obeyi kòmandman yo finalman pwoteje libabit nou.

Paregzanp lè nou obeyi Pawòl Sajès la, nou chape anba kaptivite movèz sante ak adiksyon a sibstans nòmalman k ap retire abilité nou poun aji pou tèt pa nou.

Pandan n ap obeyi konsèy pou nou evite dèt epi soti nan dèt kounyeya, nou itilize libabit nou epi nou jwenn libète pou nou itilize revini nou ki disponib yo pou nou ede ak beni lòt moun.

Lè nou swiv konsèy pwofèt yo pou nou fè sware familial, priyè familial, ak etid ekriti anfanmi, fwaye nou yo tounen yon kote pou timoun nou yo grandi espirityèlman. Kote sa a n ap ansenye yo levanjil la, rann temwanyaj nou yo, eksprime lanmou nou, epi tandem pandan y ap pataje santiman ak eksperyans yo. Pa bon chwa ak aksyon nou yo, n ap libere yo nan fènwa epi ogmante kapasite yo pou mache nan limyè a.

Mond lan ansenye anpil fo ide apwopo libabit. Anpil moun panse nou ta dwe “manje, bwè epi fè kè nou kontan;...e si nou antò, Bondye pral ban nou kèk ti kout fwèt, e apre sa nou pral sove nan wayom Bondye a.”¹⁷ Gen lòt k ap viv san reliyon epi yo nye Bondye. Yo konvenk tèt yo ke pa gen opozisyon nan tout bagay,”¹⁸ e se sa ki fè “nenpòt sa yon moun fè se pa yon krim.”¹⁹ Sa “detwi lasajès Bondye a ak objektif etènèl li yo.”²⁰

Kontrèman ak ansèyman pwofàn ki genyen nan mond lan, ekriti yo ansenye nou ke nou gen libète, epi egzèse libète nou an kòrèkteman toujou fè yon diferans nan opòtinite nou genyen ak kapasite nou pou aji selon yo epi pwogrese etènèlman.

Paregzanp atravè Pwofèt Samyèl, Senyè a te bay Wa Sayil yon kòmandman kle:

“Se mwen menm Senyè a te voye pou vide lwil sou tèt ou pou ou te ka wa sou pèp Izrayèl la... Se poutèt sa, kounyea, koute pawòl Senyè a.

“Leve al atake moun Amalèk, epi wa va detwi tout sa yo posede.”²¹

Men Sayil pat swiv komandman Senyè a. Li te pratike sa mwen rele “obeyisans amwatye.” Li te aji sou pwòp sajès pa li, li te epanye lavi Wa Agag epi li te ramne pi bon mouton, bèf ak lòt zanimo yo.

Senyè a te revele Pwofèt Samyèl bagay sa a epi li te voye li pou retire Sayil sou twòn nan kòm wa. Lè pwofèt la te rive, Sayil te di “Mwen fè tout sa Senyè a te banm lòd pou m fè.”²² Men pwofèt la ki te konnen bagay la yon lòt fason di konsa, “Ki tout bri mouton ak bèf map tandem nan zòrèy mwen konsa a?”²³

Sayil te eskize tèt li epi l te blame lòt moun yo, li di pèp la te kenbe zannimo yo pou yo te ka ofri yo kòn sakrifis bay Senyè a. Repons pwofèt la te klè: "Kisa Senyè a pito: yon moun k ap ofri bêt pou boule nan dife, k ap fè tout kalite ofrann bêt pou li, osinon yon moun k ap fè sa li di l fè a? Konn sa tande! Pito yon moun fè sa Senyè a di l fè a pase pou l touye bêt ofri pou Bondye. Pito yon moun soumèt devan [kòmandman Senyè a] pase pou l ofri bél belye chatre."²⁴

Alafen, Sayil te konfese, li te di "Mwen peche, mwen pa fè sa Seyè a te ban m' lòd fè. Mwen pa t koute pawòl ou te di m' nan. Se pè mwen te pè mesye m yo kifè m fè sa yo te vle fè a. Akoz Sayil pa t obeyi egzakteman---akoz li te chwazi poul te obeyi amwatye---li te pèdi opòtinite ak libabit pou l te rete kòm wa a.

Frè m ak sè m yo, èske nou koute vwa Senyè a ak pwofèt li yo avèk egzatitud? Oubyen tankou Sayil, èske n ap pratike obeyisans amwatye paske nou krenn jijman lèzòm?

Mwen rekonèt ke nou tout konn fè erè. Ekriti yo ansenye nou "Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a."²⁶ Pou moun ki retwouve yo prizonye lepase, move chwa, ki retwouve yo bloke nan yon kwen, san tout benediksyon ki disponib lè yo byen egzèse libabit nou yo, nou renmen ou. Retounen! Soti nan kwen fènwa a epi vin antre nan limyè a. Menmsi w ap travèse yon novo planche ki revèni, sa vo lapèn. Kwè ke "akoz Ekspyasyon Kris la, tout limanite [enkli ou menm avèk mwen] kapab sove, si yo obeyi lalwa ak odonans levanjil la."²⁷

Lè moman Sakrifis Ekspyatwa a te rive sou Li, Sovè a te ofri gwo priyè entèsesyon l la epi li te pale de nou chak: "Papa, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m' kote m' prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen, pouvwa ou te ban mwen an.²⁸ Lavi ki p'ap jam fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a."²⁹

Map ran temwanyaj espesyal mwen ke yo vivan. Lè nou egzèse libabit nou nan lajistis, nou vin konnen yo, nou vin plis menmjan avèk yo, epi nou prepare pou jou sa a kote toutjenou pral pliye e tout lang pral konfese" ke Jezi se Sovè nou an.³⁰ Se pou nou kontinye swiv Li ak Papa nou ki nan Syèl la, jan nou te fè nan kòmansman an, mwen priye nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. 2 Nefi 2:26.
2. 2 Nefi 2:27.
3. "Sachez que chacun peut choisir," *Cantiques* no. 155.
4. Alma 42:15.
5. Moyiz 4:1.
6. Moyiz 4:2.
7. Gade Doktrin ak Alyans 29:36.
8. Moyiz 4:3.
9. 2 Nefi 2:27; gade tou 2 Nefi 9:9.
10. Lik 2:49.

- 11.3 Nefi 27:13.
12. Lik 22:42–43.
13. Lik 23:34.
14. Matye 27:46; Mak 15:34.
15. Jan 19:30.
16. Ebre 4:15.
17. 2 Nefi 28:8.
18. 2 Nefi 2:11.
19. Alma 30:17.
20. 2 Nefi 2:12.
21. 1 Samyèl 15:1, 3.
22. 1 Samyèl 15:13.
23. 1 Samyèl 15:14.
24. 1 Samyèl 15:22.
25. 1 Samyèl 15:24.
26. Women 3:23.
27. Atik Lafwa 1:3.
28. Jan 17:24.
29. Jan 17:3.
30. Mozya 27:31.